# TIL BILIMI HÁM ÁDEBIYATTANÍW

## Til bilimi

### T.JUMAMURATOV ShÍǴARMALARÍNDA FRAZEOLOGIZMLERDIŃ STILLIK QOLLANÍLÍWÍ

**E.E.Allanazarov –** *filologiya ilimleriniń kandidatı, docent*
**A.O.Xojanova –** *magistrant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** tilshunoslik, frazeologiya, valentlik, ekvivalent, kontekst, obraz, semantika, shakl.
**Ключевые слова:** лигвистика, фразеология, валентность, эквивалент, контекст, образ семантика, форма.
**Key words:** linguistic, phraseological, language, kontekst, concerning, peculiarities, semantical, forma.

**Kirisiw.** Til iliminde, sonıń ishinde qaraqalpaq tili ilimi tarawında keyingi jılları kórkem shıǵarma tili, onıń sóyleminiń jeke dóretiwshilik individlerinde ózine tán bolǵan táreplerin úyreniwde, sonıń menen birge tilinde qollanıǵan kolorativ sózlerdi lingvopoetikalıq jaqtan tallaw júrgiziwge ayrıqsha itibar qaratılıp atır. T.Jumamuratov shıǵarmaları hám onıń shireli tili jarıq kóre baslaǵannan baslap keń jámiyetshiliktiń itibarın ózine tarta basladı. Shayırdıń miyras etip qaldırǵan qaraqalpaq ádebiyatında ornı bar shıǵarmaları óziniń til materiyallarına baylıǵı, sóz kestelewi hám qashırımları menen ózine tartıp turadı hám kórkem tásirli bolıp keledi. Kórkem dóretpeleri túrli janrlarda jazılǵan bolıp, olardıń tili leksika-frazeologiyalıq, grammatikalıq tariyxıy hám stillik ózgesheliklerge iye bolıp kelgenligin kóriwge boladı. Dóretpelerinde túrli janrlardı sáwlelendiriwge beyim leksikalıq birliklerdiń bar ekenligi ayrıqsha dıqqatqa ılayıq ekenligi menen sıpatlanadı. Kórkem sóz sheberleri, sınshılar, tilshi ilmpazlar shayır dóretiwshiligine ózleriniń bahaların bere basladı. V.V.Vinogradov óziniń miynetlerinde tildegi frazeologizmlerniń tiykarǵı tiplerin anıqlaydı hám til biliminde frazeologiyalıq mekteptiń qáliplesiwine tiykar saldı. Túrkiy tillerdegi frazeologizmlerdi izertlegen miynetlerde de usı halattı kóremiz [1:22].

**Ádebiyatlar analizi.** Kórkem shıǵarmanıń tilinde til baylıqlarınıń, sóz óneriniń, súwretlew qurallarınıń biri qatarında sózlerdiń awısqan mániler sıpatında stillik qollanılıw ózgesheliklerin jeke til materiallarınıń tiykarında úyreniwge belgili dárejede dıqqat awdarılıp kiyatır. Qazaq ilimpazı S.I.Keńesbaev hám ózbek ilimpazı Sh.Rahmatullaevlar túrkiy frazeologiyanıń irge tasın salawshılar esaplanadı [4:78]. Qaraqalpaq til biliminde frazeologizmler boyınsha dáslepki izertlewler prof. E.Berdimuratovtıń leksikologiya boyınsha bir qatar miynetlerinde «Házirgi zaman qaraqalpaq tiliniń leksikologiyası» miynetinde frazeologizmlerge ayrıqsha toqtap ótkenin kóremiz [5:123]. Sonıń menen bir qatarda qaraqalpaq til bilimindegi dáslepki frazeologizm boyınsha arnawlı miynet sıpatında T.S.Nawrızbaeva «Qaraqalpaqsha-russha sózlikte atawısh frazeologizmlerdiń tipleriniń beriliwi» temasındaǵı, B.Yusupovanıń «Sh.Seytovtıń Xalqabad romanı tili frazeologiyasınıń fonostilistikalıq analizi» miyneti hám A.Pirniyazovanıń «Qaraqalpaq tili frazeologiyalıq sisteması hám onıń stilistikalıq imkaniyatları» degen atamalarda kandidatlıq ham doktorlıq dissertaciyaların atap ótsek boladı [6:66]. Shayırdıń sóz tańlawdaǵı sheberligin analızlew de lingvistikalıq kózqarastan da úlken áhmiyetke iye bolıp tabıladı. Mısalı, qaraqalpaq tili iliminde kórkem shıǵarmanıń tili haqqındaǵı máseleler arnawlı monografiyalıq izertlewlerdiń, kandidatlıq hám doktorlıq dissertaciyalardıń obyektleri sıpatında lingvistikalıq kórqarastan izertlenilip, ilimiy nátiyjeleri tyurkologiya ilimin bayıtıwda sebepshi bolıp atır. Maqalada frazeologizmlerdiń basqa til birliklerine qatnası, óz ara baylanısı boyınsha ilimpazlardıń ilimiy miynetlerinen siltemeler keltirildi.

**Izertlew metodologiyası.** Dúnya júzlik lingvistikanıń rawajlanıwınıń hár qıylı dáwirlerdegi hár túrli basqıshlarında frazeologizmlerdiń túrleri hám ózgeshelikleri haqqındaǵı ilimiy metodologiyalıq izleniwler, sol dáwirlerdegi kózqaraslar, ilimiy pikirler belgili dárejede ayırım ózgerisleri ushıraydı hám bul tábiyiy jaǵday bolıp, bunday halatlar qaraqalpaq tili izertlewlerinde, sonıń ishinde frazeologizmlerdi izertlew barısında da ushırasadı. Qaraqalpaq tilindegi frazeologizmler tuwralı pikirler sóz etilgende ustaz ilimpaz S.Nawrızbaevanıń ilimiy metodologiyalıq pikirleri ayrıqsha ornı menen salmaqlı bolıp keledi. T.Jumamuratov shıǵarmalarında frazeologizmler ózine tán tábiyǵıy obrazlılıǵı arqalı ulıwma oy-pikirdi janlandırıp shıǵarma tiliniń kórkemligin arttırıp, júdá sheber paydalanılǵanın kóremiz. Mısalı:

Jawıp ketti sadaq oǵı jarqıldap,
Aq nayzalar soqlıǵıstı sartıldap...
Gúwildep el awzınan tıyılmadı,
Paromonnıń dabılı kókti jarıp,
Barlıq jerde áwliye dep moyınladı...

Kórkem shıǵarma tilinde tildiń leksikalıq quramı basqa leksikalıq birlikler qatarında ózine tán ornı bar frazeologizmlerden de ibarat bolıp kelip, sózdiń, sóz dizbekleriniń hár túrli awıspalılıq penen, obrazlı tásirsheńlik penen qollanılatuǵın til birligi esaplanadı. Awızeki leksikada qollanılıp kiyatırǵan frazeologizmler shayır shıǵarmalarında orınlı, milliy tilimizdiń múmkinshiliklerin bayıtıp kiyatırǵan tillik birlikler sıpatında orınlı paydalanıladı.

Tal shıbıqtay tawlanǵan,
Qara qaslı, qolań shashlı,
Uzın boyı diydarına qonımlı,
Húr Qırımnıń ósken sárwi talınday.
Balalıqta ótken basımnan,
Uyqıda kórgen tús bolıp,
Suwda da júzdim jasımnan,
Kókte de ushtım qus bolıp.

Awızeki leksikada frazeologizmler erteden-aq orınlı, milliy tilimizge, mádeniyatımızǵa tán birlikler sıpatında orınlı paydalanıladı. Qaraqalpaq tilinde frazeologizmlerdi qollanıwdaǵı ózine tán milliy ózgesheligi ásirese sóz ustasınıń kórkem kontekstlerde frazeologizmlerdi paydalanıwınan anıq kórinedi. T.Jumamuratov ta óz shıǵarmalarında qaraqalpaq tilinde keń qollanılǵan

leksikalıq quramı basqa leksikalıq birlikler qatarında ózine tán ornı bar frazeologizmlerden de orınlı paydalanıp, frazeologiyalıq sóz dizbekleriniń hár túrli awıspalılıq penen, obrazlı tásirsheńlik penen qollanılǵanın kóriwge boladı.

Ósken qız hesh waqıtta saǵı sınbay,
Taranǵan Kúnshıǵıstıń tawısınday.
-Sálem, -dep appaq tisi ashılǵanda,
Lapızı sıbızǵınıń dawısınday…

Hasıl topıraq jasıl gilem jamıldı,
Aǵash bórtip, kók lentasın taǵındı,
Jipek hawa saǵınǵanday sıypańap,
Boy balqıtıp shımbırlattı janımdı.

T.Jumamuratov shıǵarmalarında frazeologizmler kópshilik jaǵdaylarda belgili bir túsinikti bildiriwshi dara sózdiń sıńarı, yaki ekspressivlik obrazlılıqqa iye ekinshi bir ataması sıpatında kelgenin kóriwge boladı.

Teńselip teńiz bulqınǵan,
Sozadı kókke ór tósin.
Tigedi keste tolqınnan,
Jamıldım jasıl kórpesin...
Jıllardı búklep jipektey,
Ótkendiz taslap talayın,
Ǵarrılıq alda túnektey,
Buldıraydı qarayıp...

Qaraqalpaq tilinde frazeologizmlerdi qollanıwdaǵı ózine tán milliy ózgesheligin saqlaǵan halda shayır qosıqlarında tildiń leksikalıq quramı basqa leksikalıq birlikler qatarında ózine tán ornı bar frazeologizmlerden de ibarat bolıp kelip, sózdiń, sóz dizbekleriniń hár túrli awıspalılıq penen, obrazlı tásirsheńlik penen qollanılatuǵın til birligi esaplanǵan frazeologizmlerdi stillik maqsetlerde orınlı paydalanıladı. Ásirese, sóz ustasınıń kórkem kontekstlerde frazeologiyzmlerdi paydalanıwında belgili bir túsinikti bildiriwshi dara sózdiń sıńarı, yaki ekspressivlik obrazlılıqqa iye ekinshi bir ataması sıpatında kórinedi.

Ósken qız hesh waqıtta saǵı sınbay,
Taranǵan Kúnshıǵıstıń tawısınday.
-Sálem,-dep appaq tisi ashılǵanda,
Lapızı sıbızǵınıń dawısınday…
Sarı sazan sap altınday jarqırap,
Qırman-qırman bolǵanda kóp tamasha.

Kórkem tilde frazeologizmler obrazlılıqtı payda etip, mánilik procesi baslı eki wazıypanı atqaradı. Birinshisi – sóz aǵımınıń mánilik ózgesheliklerine ayırılıwın qáliplestirip,, jańa mazmun payda etiwi arqalı bir-birinen mánilik ayırmashılıqlar kontekstte áhmiyetli orın tutadı. Ekinshi – kórkem tilde ekspressivlik-emocionallıq jańasha mánilikti payda etedi. T.Jumamuratov shıǵarmalarında bular keń orın alıp, stillik jaqtan sheber qollanılǵan.

Kewlińe yaratqannan keledi saza,
“Kewlin al” tez deyip, turǵan jerinde.
Kewlim menen sóz maydanın gezermen,
Tilim menen sóz marjanın dizermen,
Sózdiń anıq kánin tawıp júzermen,
Dáryasında qulash urıp oynayman.
Kózim ashıp, kórgen ana Watanǵa…
Kózimdi toydırıp qaraǵım keler…

Bul qatarlardaǵı “kewil” sózi hár qıylı mánilerde qollanılıp, “kewili kir-jamanlıq oylawshı,”, “Kewlime yaratqannan – sezim tuyǵı”, “Kewlin al-táselle” mánilerde qollanılıp kolorativ mánilerdi payda etken. Logikalıq mánilikke iye hárbir sózdiń ózi bir awıspalı mánilikke iye bola alǵan. Kózin asıp-tuwılǵannan berli mánide, Kózimdi toydırıp – qanaatlanıw, ráhátleniw mánide qollanılıp, frazeologizmler jaratıw arqalı sózdiń tásir etiwshilik kúshin taǵı da arttıra túsken hám sóz mánilerinen paydalanıwda awıspalı mánide qollanıw arqalı ádette tilde hár qıylı ekspressivlik-emocionallıq mánilerdi ańlatıp kelgen.

**Analiz hám nátiyjeler.** Frazeologizmler tildegi turaqlı, qáliplesken ornı – kórkem ádebiyat bolıp, kókrkem sóz ustası shıǵarmalarında belgili waqıya qalay bolǵan bolsa shayır bolǵan waqıyanı óziniń oy eleginen ótkerip, oǵan túrli boyaw berip, kórkemlep súwretlep, belgili bir oydı jarıqqa shıǵarıp bayanlawda, ásirese onı kórkem til menen jetkeriwde olardıń ornı úlken. Qaraqalpaq tiliniń sózlik qorı oǵada bay bolıp, onda orın alǵan frazeologizmler tilimizde jiyi qollanılıp, sózdiń tapqırlıǵına, awıspalı tásirsheńligine erisiwde kórkem sóz sheberiniń ornı, tapqırlıǵı, sóz tańlaw sheberligi ayrıqsha orın iyeleydi. Frazeologizmlerdi leksikanıń, stilistikanıń bir pútin sistemasında úyreniw arqalı oǵan baylanıslı T.Jumamuratov qaraqalpaq tilinde novatorlıq penen frazeologizmlerdiń jańa túrlerin payda etiw menen birge milliy tilimizdiń sóz mánileriniń keńeyiwine de salmaqlı úles qosqanlıǵı menen ajıralıp turadı, dep ayta alamız.

**Juwmaq.** T.Jumamuratov tájiriybeli kórkem sóz sheberi sıpatında óz shıǵarmalarında frazeologiyalıq sóz dizbeklerinen paydalanıwda hám jańa mánilik stillik ózgeshelikke iye túrlerin jaratıp, ıqsham hám orınlı túrde sheberlik penen paydalanıwda novatorlıq etken. Shayır qaraqalpaq tilindegi frazeologiyalıq baylıqların obrazlı, stillik jaqtan emocional hám ekspressivlik jaqtan tásirli etip qollanıwına erisken. Onıń qaysı shıǵarmasın alıp qarasaq ta frazeologizmler eń áhmiyetli bolǵan obrazlılıqtı kúsheytiw, sóz tásirsheńligin arttırıw maqsetinde qollanılıp, sóz tańlawda, frazeologizmlerdi stillik maqsette paydalanıwda sóz tańlawdaǵı shayırlıq sheberligi ayqın sezilip turadı.

## Ádebiyatlar

1. Абдулаев Ш.Д. Таржима асарларда фразеологизмлар семантикаси (Т.Қайипбергенов асарларининг ўзбекча таржимаси асосида). Филол. Фанлари номзоди. … дис. – Тошкент: 2007.
2. Berdimuratov E. Qaraqalpaq ádebiy tili. Leksikologiya. – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1998.
3. Кеңесбаев С.И.Қазақ тілі қалыптанған сөз топтары (қос сөздер, идионімдер мен фразалар). Автореф. дисс. ...-д-ра филол. наук. – Алма-ата: 1944.
4. Раҳматуллаев Ш.У. Основные грамматические особенности образных глагольных фразеологических единиц современного узбекского языка: Автореф. дисс...канд. филол. наук. – Москва: 1952.
5. Ефимов А.И. О языке художественных произведений. – Москва: «Учпедгиз»,1954.
6. Кожахметова Х. Фразеологизмдердиң көркем әдебиетте қолданылыўы. – Алматы: 1972.
7. Йўлдашов Б. Фразеологик услубият асослари. – Самарқанд: СамДУ нашри, 1999.

**REZYUME.** Maqolada tilimizdagi lingvistik birliklardan biri frazeologik birliklarning badiiy tilda qo‘llanish hodisasiga bag‘ishlangan. T.Jumamuratov asarlarida qo‘llanilgan so‘z ma’nosining xususiyatlariga oid ba’zi tafsilotlar berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье одна из языковых единиц нашего языка посвящена событию употребления фразеологизмов в художественном языке. В произведениях Т.Жумамуратова приводятся некоторые подробности, касающиеся особенностей значения слова в употреблении.

**SUMMARY.** In the article, one of the linguistic units of our language is devoted to the event of the use of phraseological units in the artistic language. In the works of T. Jumamuratov, some details are given concerning the peculiarities of the meaning of the word in use.

## КӨРКЕМ ӘДЕБИЯТ ТИЛИ ҲӘМ ОНДАҒЫ КӨРКЕМ СҮЎРЕТЛЕЎ УСЫЛЛАРЫНЫҢ ҚОЛЛАНЫЛЫЎЫ

**Д.Б.Балтабаева** – *таяныш докторант*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** бадиий адабиёт тили, лингвопоэтика, индивидуал муаллифлик услуби, поэтик фонетика, поэтик лексика-семантика, поэтик морфология, поэтик синтаксис.

**Ключевые слова:** язык художественной литературы, лингвопоэтика, индивидуальный авторский стиль, поэтическая фонетика, поэтическая лексика-семантика, поэтическая морфология, поэтический синтаксис.

**Key words:** literary language, linguopoetics, individual author's style, poetic phonetics, poetic lexical semantics, poetic morphology, poetic syntax.

**Кирисиў.** Ҳәзирги ўақытта көркем әдебият тилин изертлеў тил билиминдеги әҳмийетли бағдарлардың бирине айланып атыр. Бул тараўдағы қызығыўшылық XX әсирдиң соңғы ярымынан баслап үзликсиз артып келмекте. Көркем сөз өнериниң тиллик тәбиятын изертлеў әдебияттаныў менен лингвистиканың кесилискен жеринде жайласқан аралас пәнге айланды.

Көркем тексттиң тиллик өзгешеликлери тек ғана филология илимлери ушын емес, ал мәденияттаныў ҳәм эстетика сыяқлы басқа илим тараўлары ушын да баҳалы материал болып табылады. Түрли миллет ўәкиллериниң дөретиўшилик усылларын салыстырыў арқалы халықлардың дүнья танымлық өзгешеликлерин анықлаўға мүмкиншилик пайда болады.

**Изертлеўдиң тийкарғы мақсети** – көркем әдебият тилиниң стилистикалық өзгешеликлери менен сүўретлеў қуралларының пайдаланыў жолларын инглис ҳәм қарақалпақ прозашыларының шығармалары тийкарында салыстырып үйрениў.

**Изертлеўдиң ўазыйпалары:**

-Көркем әдебият тилиниң илимий-теориялық тийкарларын системаластырыў;

-Лингвопоэтиканың системалық дүзилисин ашып көрсетиў;

-Еки тилдеги көркем шығармалардан алынған мысалларды салыстырып анализлеў;

-Жазыўшылардың жеке стилистикалық өзгешеликлерин белгилеў.

**Көркем әдебият тилиниң илимий тийкарлары.**

Көркем әдебият тили дегенимиз – жазыўшы дөреткен образлы, эмоционал-экспрессивли, эстетикалық тәсир ететуғын сөйлеў түри. Ол автордың дүнья танымы менен жеке дөретиўшилик усылынан қәлиплеседи ҳәм күнделикли қарым-қатнас тилинен ямаса стандарт әдебий тилден түпкиликли парық қылады.

Орыс алымы Д.Н.Шмелёв образ жаратыўдағы тилдиң роли ҳаққында мынадай пикир билдиреди: «Тил – бул тек адамлар арасындағы қарым-қатнас қуралы, ойларды топлаў, сезим, тилек ҳәм тағы басқаларды билдириў қуралы ғана емес, соның менен бирге көркем әдебият образлары кийетуғын анық сыртқы форма болып табылады» [5].

Усы анықлама көркем әдебият тилиниң қосарлы тәбиятын ашып көрсетеди: ол қарым-қатнас қуралы болыў менен бирге образ жаратыў қуралы ретинде де хызмет етеди.

Белгили орыс алымы акад. В.В.Виноградов өзиниң «Көркем әдебият тили ҳаққындағы илим ҳәм оның ўазыйпалары» атлы мийнетинде «тил» сөзиниң еки мәнисте қолланылатуғынын көрсетеди:

1. Белгили бир миллий тил системасын көрсететуғын «сөйлеў» ямаса «текст» мәнисинде – әдебий тил тарийхы, тарийхый грамматика ҳәм лексикология ушын анализ материалы ретинде;

2. Сөз өнери, көркем сүўретлеў қураллары системасы мәнисинде [4].

Бизиң изертлеўимизде көркем әдебият тили сөз өнери, көркем сүўретлеў қуралы ретинде қарастырылады.

**Лингвопоэтика илими ҳәм оның мазмуны.**

Көркем әдебият тилин изертлеўдиң стилистикалық бағдарын лингвист М.Юлдашевтың пикири бойынша «көркем әдебият тилин лингвопоэтикалық көз-қарастан изертлеў» деп атаў орынлы [1].

Лингвопоэтика дегенимиз – әдебияттаныў менен лингвистиканың байланысқан арнаўлы жаңа тараўы болып, ол тексттиң поэтикалық хызметин, яғный сулыўлық, образлылық, эмоционал тәсир ҳәм мазмунды изертлейди.

Лингвопоэтикалық анализ жүргизиўде текстке көркем-эстетикалық пүтинлик ретинде қараў керек [3]. Бул дегенимиз шығарманың идеясын анықлап, оны баянлаўда қандай тиллик қураллардан пайдаланылғанлығын көриў керек дегенди билдиреди.

**Лингвопоэтиканың системалық дүзилиси.**

Ш.Н.Абдиназимов лингвопоэтиканың системалық дүзилисин төмендеги төрт тийкарғы түрге бөледи:

1. Даўыс поэтикасы – бунда, тийкарынан, көркем текст тилиниң поэтикалық фонетикасында даўыс (сес) тәкирарланыўы арқалы мазмунлылық пенен тәсирлилик пайда етиледи. Тийкарғы усыллары:

**Аллитерация** – даўыссыз сеслердиң тәкирарланыўы;

**Ассонанс** – даўыслы сеслердиң тәкирарланыўы;

**Геминация** – даўыссыз сеслердиң қабатласыўы;

**Фонографиялық усыллар** – қаҳарманлардың ишки өмирин сүўретлеўде қолланылады;